УНТАРАБ СУАЛ



**БецIлъиялде данде рагъ бай, багъадур...**

Стр. 2

ЗАСЕДАНИЕ

**Терроризм гьечIо, данделъаби руго**



Стр. 2


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 18 * декабрь 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


## «ХIурил ясал берцин, ЛъаратIа район»

### Районалда тIобитIана цIияб сон баркиялъул концерт





**Щибаб лъагIалил ахиралда ЛъаратIа тIобитIула цIияб сон кIодо гьабиялъул концерт. Гьаб соналъги нилъеца гIадат хвезе течIо. 27 абилеб декабралда культураялъул рукъалъул кIудияб залалда аваданго дандчIвана районцоэз цIияб сон. Зал цIураб халкъ бакIарана гьаб соналъги. Республикаялда лъаратIисел лъала кечI-макъан бокьулел чагIи хIисабалда. Берцинго ретIа-къарал искусствоялъул школаялъул гIисинал лъималаз, аваданго кучIдул ахIулел ва кьурдулел культуриябидараялъул гIолохъабазгун ясаз гьоркьоса кьотIичIого хъат кьабизе тIамуна зал цIураб жамагIат.**

КIудияб хIадурлъи гьабураблъи балагьарабго бихьулеб букIана искусствоялъул школаялъул хIалтIухъабаз. Зал цIураб халкъалда цере гIисинлъимал рахьинаризе кIвей гьунар буго. Мекъи ккечIого, бабадичIого ракIичIун рикIкIунел, цIалулел кучIдул ва батIи-батIиял аваданал номерал лъималаз рихьизари гIураб цебетIураб хIалтIи буго. Культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз цIияб сон баркизе хIадур гьаруна цIиял кучIдул ва цIияб кьурди. Гьезие кIудияб къимат кьун букIана цевеккунго риидал ЛъаратIе республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов щварab мехалъги.





Концерталда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъиялъги, киналго идарабазул церехъабазги, гьезул хIалтIухъабазги. Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас кутакалда реццун, зодоре рахинаруна культураялъул хIалтIухъаби, кочIохъаби ва кьурдухъаби. Хадуб гьес кинабго жамагIаталда цIияб сонги баркун байбихьана шапакъатал рикьизе лъагIалида жанир рищунго лъикIал, мустахIикъал хIалтIухъабазе. Гьел шапакъатал лъие ва кинаб хIалтIухъ щварал нилъеца цоги номералда мухIканго бичIизабила. ЦIакьго кIудияб асар гьабуна киналго тIадеги рахьун, кочIохъабазда цадахъ тIубараб залалъ районалъул гимн ахIулеб мехалъ. Хасго гьоркьоб Жамилат МухIамадгIалиевалъул гьаракь жубарабго хIакъикъияб гимналда релълъуна кечI. Цо хасаб хинлъи чIвала рекIеда. Лъебелазул рохьал ва хехал гIорал абурал рагIабаз цебе тIамизабуна кинабго районалъул тIабигIат вагьелие хасиятаб ва хасаб берцинлъиги хъачIлъиги.

Цойги берцинал рагIаби кIочIолъа:

> **«Нижер кули берцин,**
> **колоб хIур берцин,**
> **ХIурил ясал берцин,**
> **ЛъаратIа район».**

Ясазул берцинлъиялда лъилго щаклъи батиларо, амма кулазулги хурзабазулги гIаламатал цIакъго дагьал гурони гьечIо ахираб заманалда.

Концерт лъугIун хадуб киналго ракIарана цIияб сонил елка сверухъ. ГIисинал, чIахIиял, херал, гIолохъанал батIалъи гьечIого ахIун гьаракьгун цо кечIги биччантана гьаз. Аваданго ва рохалида, жиндие хасиятаб къагIидаялъ дандчIвана районалъ цIияб сон. Цойги нухалъ баркула тIаде щвараб 2017 сон ва гьарула щулияб сахлъи, роххелгун талихI.

**Расул АБАКАРОВ**

## *Баркула цIияб сон!*



ХIурматиял районцоял, баркула дица нужода тIаде бачIунеб цIияб 2017 сон! Дица тIоцебе гьарула нужое щулияб сахлъи, халатаб ва баракатаб гIумру, цIияб соналъ цIи-цIиял бергьенлъаби, араб соналъго гIадин. Нилъеца кIвараб хIаракат бахъана исанасеб соналъ район цIигьабизе, жамагIаталъул гIумру лъикIлъизе. Дица нуж ахIулел руго кидаго гьадин берцинго районалъул нухмалъиягун цадахъ рекъон хIалтIизе, гьечIо нилъее цолъи гIадаб кумек ва къуват. Ниеца кIвараб хIаракат бахъулеб буго цIияб гIелалъул гIумру гвангъараб ва талихIаблъун лъугьине. Исанасеб соналъ нилъеца гIемераб хIалтIи гьабун буго ва бачIунеб соналъ гьабизеги гIезегIан хутIун буго.

Нилъер районалде цIигьабулеб буго шагьра-нух, районалда жанир хъил тIун къачIалел руго къватIал, тIоритIана районалда гIемерал спортивиял къецал, нилъер ракьцояз гIемерал чIахIиял бергьенлъби росана республикаялда, улкаялда ва тIолабго дунялалда. ГIемераб кIвар кьолеб буго гIун бачIунеб гIелалъе. Районалъул нухмалъиялъ щибаб росулъе щун хал-шал гьабулеб буго нилъер ракьцоязул суалал рорхизе, яшав лъикIлъизе. Нижеца кIвар кьолеб буго росдал магIишат цебетIезабизе, рагьана чанго росдал магIишаталъул объектал, гIатIиракьалда ругел районцоязе кьолеб буго кIвар. 2017 соналъ рацIад гьаризе руго киналго лъел мухъал, ракьал рекьизе, магIишат цебе тIезе. Гьениб гIумру гьабулеб буго нилъер гIемерисеб жамагIаталъ, 12 азарго чияс. Районалъул нухмалъи кидаго хIадурун буго хIалкIвараб кумек жамагIаталъе гьабизе, хIалай рахьине. Нужер киналго балагьалги къварилъабиги араб сонгун цадах кIочене тайги ва бачIунеб соналъ талихIалъгун рохалид цIейги нужер щивасул рукъ. ТIаде бачIунеб цIияб сонги баракатабгун рохалиаблъун лъугьайги.

**Районалъул бетIер**
**Ражаб РАЖАБОВ**

*унтараб суал*

# БЕЦIЛЪИЯЛДЕ ДАНДЕ РАГЪ БАЙ, БАГЬАДУР...

## Районалъул хIакимзабаз токалъул суал борхана



**Декабралъул 22 абилеб къоялъ ЛъаратIа администрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суалги букIана, районалда бакI-бакIазда ток къаялда ва жамагIаталдасан бухIараб токалъул гIарац бакIарунгутIиялда хурараб. Гьел ва цогидал токалда хурхарал суалазе жавабал кьезе цеве вахъана ЛъаратIа РЭСалъул цIияв нухмалъулев ШагIбан Исрапилов.**

Даделъи байбихьана районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъовас. Гьес киналго данделъарал ахIана хIакъикъияб гIунгутIи щиб бугеб тIоцебе лъазабизе, сунда гьеб хурхараб бугеб ва кинаб нух бугеб гьеб захIмалъиялдаса рорчIизе. Гьединго районалъул бетIер Ражаб Ражабовас ракIалде щвезабуна росабалъ бугеб захIматаб хIал, лъиениги балъголъи гьеб гуреб лъаниги. « Жакъасеб къоялъ чамалиго росу хутIизе бегьула ток гьечIого, масала ТIалцухъ росулъ гIагараб заманаялъ трансформатор хисичIони гьеб кьвагьизе рес буго, гьединалго росаби жеги гIемер руго трансформатор хисизе ккарал. КIварабгIан хехго рагъ базе ккола ток бикьулел ва бухIараб токалъухъ гIарац кьоларел гIадамазда данде. Киназдасанго гIарацги бакIарун росизе ккола цIияв трансформаторал. Гурони хIалтIи кIалагъоркье ине буго» - ян кьварун кIалъана бетIер.

ЦIияв токалъул нухмалъулесе кидаго гIадин рачIана дораса-гьаниса рохь гIадин суалал. ЧIванкъотIарал жавабалги ратизе захIматаб букIунаха кидаго. Кинха аз жавабал кьелел 26 млн гъуруш гIарцудаса бакIарун буго гIицIго 10 млн гъуруш. 16 млн



гъуруш гIарац кида ва лъица бакIаризе бугеб абураб суал бачIунеб буго ботIролъе. Ахираб чамалиго соналъ гIадамазда рагIулеб буго гIицIго гIарац гьечIо, ДагЭнерго компания банкроталде кколеб буго ва гьеб гуреб цоги гIала-гъважа. ГIицIго нижехъ гIарац гьечIо абизе районалъ хьихьулеб идарайищ гьаб лъаларо.

ШагIбан Исрапилов: «Ток нижеца къалеб буго херал, чIамучIлъарал кварал, трансформаторал ва будкаби ругеб бакIалда, цо-кIиго сагIаталъ токалъул напряжение тIагIине. Гурони кьвагьизейищха нижеца гьел телел? ХIакъикъаталдаги захIматаб хIал буго хасало. Кинха кьокъаб заманаялда жаниб кинабго хисизабилеб? Дун гьанжего гьанже щварав чи вуго. ЧIобогояб бакIалдаса гIуцIизе ккани заман кьваригIуна. СССРалъул заманалдаса нахъе хисичIого тарал токалул хIубалги, кваралги, трансформаторалги руго. Гьелъие гIицIго районалъул гIарцул къуват гIоларо, республикаялдаса кумек щвечIони. ГьабсагIат нилъер гьанир цо-цо росаби руго чIахIалъун, цере рукIарал трансформаторазул гьениб къуват гIолеб гьечIо, гьел хисизе ккани гIарац кьвваригIунеб буго».

Нилъеда лъала районалъул тIасияб мухъ, ай тIомурал, кьаналал, лъебелал хасго цIикIун кIвекIарал руго гьеб суалалъ. ГьабсагIаталъ гьениб токалъул къуват бахуна 130-150 кВталде. Гьелъ рокьоб бугеб токалъул алатцин хIалтIуларо. Щибаб къоялъ ток тIагIиналъул бицинчIониги лъала. Гьел суалазе жаваб щола нижер дагьал гурони хIалтIухъаби гьечIо, гьелги дагьаб харжалъухъ хIалтIуле руго. Лъиениги хIажат гьечIо гьезул харж кигIанаб букIин лъазе. ЛъаратIа райцентралда радал вахъарабго цониги рукъалъул тIохдаса кIкIуй унеб бихьуларо, цIа бакулев чи къанагIат гурони гьечIо. Киналго руго токалъул отоплениеги гьабун, гIемерисез токалъухъ гIарацги кьоларо. Гурони бакIарилаан бухIараб токалъухъ гIарац. БукIана данделъиялда цойги хIужа, цо-цо чагIазила токалъул счетчиказда чипал абурал жалг рекьезарун, бухIараб токалъул къадар дагьаб бихьизабулеб хIила бугила. Гьеб суалалда сверухъ гIемераб ахIи-хIур бахъана, токалъул хIалтIухъабаз жидецаго гIадамазда гьеб квешаб ишги малъун, жидецаго чипалги лъун гIарац босулеб бугилан. ШагIбаница тIаде босана гьединал ракI бацIадго хIалтIи тIубаларел хIалтIухъаби ратани гьел хабар-калам тун нахъе къотIизе ва уголовияб жавабчилъиялде цIазе. Балагьилаха цIияв нухмалъулесул хIалтIиялда нилъеда кинал хиса-басиял рихьилел. БецIлъиялде данде рагъ лъазабулеб буго гьес.

**Расул АБАКАРОВ**

*заседение*

# Терроризм гьечIо, данделъаби руго

## Районалъул администрациялъул иргадулаб данделъи тIобитIана



**Ахираб заманалда нилъер районалда гIемер гьарулел руго терроралда данде чIарал данделъаби. Кин гьелдаса цIуни гьабизе кколеб, кинал шартIал гьелъие чIезарун ругел, кигIан гIарац гьеб хIалтIи гьабиялъе бихьизабун бугеб, щай нилъер район цогидазда данде ккун террораддаса рикIкIалъун бугеб? Гьел киналго суалазе жавабалгун заседаниялда цере рахъана районалъул терроралда данде къеркьолел идарабазул церехъаби.**

26 абилеб декабралда ЛъаратIа администрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна хас гьабун терроризмаялда ва экстремизмалда хурхарал суалал. ЦIияб сон дандчIвалаго кинаб хIалтIи гьабизе бугеб хIинкъи гьечIолъи цIунизе, щиб гьабун букIараб араб соналъ, кинаб хIалтIи гьабизебугеб тIаде бачIунеб цIияб соналъ?

Докладгун цеве вахъана ЛъаратIа полициялъул начальник Къурбан Къурбанов. Гьесул рагIабазда рекъон, цIияб сон тIаде гIагаригун халкъалъул хIинкъи гьечIолъи цIунизе ургъун буго хасаб къагIида. Лъазабун буго щивав хIалтIухъанас кинаб иш тIубазе кколеб, щил къватIал ва кинал участокал цIунизе кколел. Масла, гьекъолдухъаби хьвадулел ашбазал цIунизе ругила хасаб кIваркьейги гьабун. Гьекъарал, ахIи-хIур бахъинабулел чагIи цIикIун лъугьани, гьезие гIадлу гьабизе гIуцIун бугила хасаб группа. Гьеб къокъаялъ хIалтIи гьабизе буго 25 декабралдаса 10 январалде щвезегIан. Къаси-къад батIалъи гьечIого тIубараб суткаялъ дежурниял рукIине руго рахъун чIун киса-кирего. Сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул идарабазда сверухъ букIине буго цоги полициялъул къокъа. Хал гьабулеб буго магазиназда ихтияр гьечIого ричулел кьвагьа-гIанхъулел жал ругищали. АхIи-хIур бахъинабулел чагIи тамихIалде цIазе ругила. Терроралда хурхун



Къурбаница гIемераб бицана нилъер районалъул территориялда гьабсагIат гьечIила щивго, рукIаралги Сириялде ун руго, чIванкъотIараб информация гьезул хIакъалъулъ кьезе кIоларила. Лъабго чи вуго хIукуматалъ розыскалда кьун балагьулел: Ланда росулъа Заурбег ГIалидибиров ва Лъилукь росулъа кIиго вац ХIасан ва ХIусен ХIасановал.

Районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель, терроралда данде къеркьеялъул комитеталъул нухмалъулев Рамазан ГIабдулхаликъовас цевевахъун цIалана кинаб ахIвал-хIал бугеб нилъер районалда жакъасеб къоялъ.

Рамазан ГIабдулхаликъов: «ТIоцебе нилъеца цIуни гьабизе ккола нилъер район Азербайджан, Грузиягун гIорхьоб букIиналъ. Гьениса гIорхъи бахъун нилъер районалде чагIи щварал лъугьа-бахъиналги рукIана. Районалда гьабсагIаталъ гIумру гьабулеб буго 27152 чияс. 2016 абилеб соналъ районалда цониги терроралда хурхараб лъугьа-бахъин букIинчIо. Нилъеда тIадаб буго антитеррористический паспортал гьари. Щивав росдал бегавуласухъ букIине ккола гьеб. Паспортал жеги гьаричIо ТIохьотIа, Гьиндиб, Мазада администрациязул бутIруз. Районалъул АТКялъе лъагIалие бихьизабун буго кинабниги 150 азарго гъуруш гIарац, батIи-батIияб данделъаби гьаризе, банерал кьачIазе ва гь. ц».

Гьесул каламги гьоркьоб къотIизабун, районалъул прокурор СултIанбег АхIмадовас бадирчIваял гьаруна гьеб хIалтIи гьабиялда хурхун.

СултIанбег АхIмадов: «ГьечIо нужоца гьабулеб цIакъ дагьаб гурони хIалтIи, цо чанго банер бакI-бакIазда далун буго абун гьеб жо хIалтIи гуро. ГьечIо цониги лъайкьеялъул идаразда, школазда, ясли-ахазда гьарулел данделъаби, гьечIо гьенир охранаялъул чагIи, гьабсагIаталъ гьаб залалде бокьарав чи жанив лъугьине бокьани гьесие квал-квал гьечIо, рикIкIаде щай ине кколел? ЦIакъ тIаса-масанго гьабулеб буго хIалтIи терроралдаданде чIарал хьулухъаз. Цере рахъун докладза берцинал рагIаби абун кIалъазе бокьарав чиясда кIола, хIалтIи букIине кIола. Киб бугеб нужор план хадусеб соналъ гьабизе бугеб хIалтIул? Щай гьаруларел данделъаби жамагIатги бакIарун, террор щиб жо ва кинаб хIинкъи гьелдаса инсанасе бугеб абураб суал кибниги борхичIо тIубараб лъагIалида жаниб? Терроралда данде чIарал комиссиял гIуцIизени лъалеб буго нужода, амма гьез гьабизе кколеб хIалтIул бицунеб гьечIо» - ян кIалъана прокурор.

«Наверное это наше упущение, мы исправимся обязательно» - абун тана нухмалъиялъги. Гьединаб лъугьана лъагIалил ахирисеб данделъи. Терроралдасагун экстремизмалдасан цIунайги нилъ Аллагьас!

Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ**

*Дин ва гӀумру*

# Барка РабигӀул авал!

## МахӀачхъалаялда ЛъаратӀа районалъул мажлис тӀобитӀана

**Исанаги тӀобитӀана МахӀачхъалаялда, щибаб соналъ ЛъаратӀа районалъ тӀобитӀулеб мажлис. Гьеб Аллагь разияб, берцинаб гӀадат исанаги хвезе течӀо районцояз. Щибаб шагьаралдаса, районалдаса ва росабалъа ракӀарана гӀемерал гӀалимзаби, мутагӀилзаби ва диналдехун рокьи бугел чагӀи.**

29 абилеб декабралда МахӀачхъалаялда ГӀахьушинскиясул цӀаралда бугеб къотӀноб лъураб мажгиталда тӀобитӀана кӀудияб данделъи, РабигӀул авал моцӀ кӀодо гьабураб. РакӀарана гӀемерал гӀалимзаби, мутагӀилзаби, спортсменал ва диналдехун хасаб бербалагьи бугел районцоял. ГӀага-шагарго азарго гӀанасев чи. Иргадав цеве вахъун кӀалъана гӀалимзаби ва кӀалъазе гъира бугевщинав чи. Берцинал мавлидал, нашидал ахӀана ва мутагӀилзабаз батӀи-батӀияв ролал хӀан бихьизабуна аварагасул (с.т.гӀ.в) гӀумру. Аслияб квербакъи мажлис тӀобитӀиялъе гьабуна бизнесмен, Богьнодаса ИзрагӀил Къебедовас. Гьев нилъеда лъала динияб идараялда хӀурмат цӀикӀарав чи хӀисабалда. Гьеб моцӀалъ аварагасул (с.т.гӀ.в) гӀумруялъул хӀакъалъулъ цӀализе, диналде кӀвар буссинабизе, гӀелму тӀалаб гьабизе лъикӀаблъун рикӀкӀуна гӀалимзабаз.

Районалъул бетӀер Ражаб Ражабовас цеве вахъун бицана гьединал данделъабазда, мавлидазда цолъизабулин жамагӀат ва цоцазул ракӀал журазе гьарулин. Гьел данделъабазул бугеб кӀварги, кириги бичӀизабуна. Ражаб Ражабов :« Нилъ кидаго хӀадурал рукӀине ккола гьединал берцинал данделъаби гьаризе, цоцаздехун бугеброкьиги хӀурматги цӀикӀинабизе цебесеб кьерда чӀараллъун. Цойги батӀияб тӀабигӀат-гӀамал малъичӀо нилъеда киданиги нилъер кьвараралмугӀрузул законаз. Гьадинал данделъабаз нилъее кумек гьабула кидаго цолъараб, гъункараб жамагӀатлъун рукӀине. Гьедин бижула инсанасул чорхолъ иманги, адабги, диналдехун рокьиги. Гьелъ кумек гьабула инсан лъугьинавизе ва битӀараб нухда тӀовитӀизе. Дица нужеда баркула хирияб моцӀ РабигӀул авал, гьарула киназего рекӀелъ иман. Баркала буго мажлисалда гӀахьаллъарал киналго чагӀазе».



Мажлисалда гьединго гӀахьаллъана муфтиясул заместитель АхӀмад-хӀажи Кахаев. Гьес бицана ЛъаратӀа район бугила кидаго цоцаца ккураб, хӀакъикъияб, бацӀадаб диналда нахъ билълъараб ва террораладгун экстремизмаялда кидаго данде чӀараб районлъун. ЛъаратӀа район бугила кидаго цо кӀалалъ имамзабазда ва дибирзабазда нахъ билъараб, диналъул рахъалъ цебетӀураб район.

Гьединго цере рахъун кӀалъана динияб комитеталъул нухмалъулев МухӀамад-хӀажи ГӀабдурахӀманов, машгьурав спортсмен, дуняалъул чемпион СултӀан-АхӀмад Ибрагьимов ва цогидал. ГӀабдурахӀмановас республикаялъул бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповасул рахьалдасан киназдаго баркана баракатаб моцӀ ва гьарана киназеговацӀлъи ва ракълилаб гӀумру. РабигӀул авал моцӀ кӀодо гьабураб мажлис тӀобитӀула лъаратӀисез щибаб лъагӀалида.

*к вашему вниманию*

# Требования пожарной безопасности при устройстве и проведении новогодних ёлок

МЧС РОССИИ
ГЛАВНОЕ УПРАВЛЕНИЕ
МИНИСТЕРСТВА РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
ПО ДЕЛАМ ГРАЖДАНСКОЙ ОБОРОНЫ, ЧРЕЗВЫЧАЙНЫМ СИТУАЦИЯМ И ЛИКВИДАЦИИ ПОСЛЕДСТВИЙ СТИХИЙНЫХ БЕДСТВИЙ ПО РЕСПУБЛИКЕ ДАГЕСТАН

Главному редактору газеты
«Тлярата» Р.А.Раджабову

Отделение надзорной деятельности и профилактической работы № 14 по Гергебильскому, Гунибскому, Чародинскому, Хунзахскому, Тляратинскому и Шамильскому районам управления надзорной деятельности и профилактической работы Главного управления МЧС России по Республике Дагестан просит Вас в соответствии с Федеральным Законом от 21.12.1994 № 69 "О пожарной безопасности" в целях профилактической работы среди населения опубликовать статью Вашей газете, по теме: "Требования пожарной безопасности при устройстве и проведении новогодних ёлок ".

Приложение: на 2 л. в 1 экз.

**Начальник отделения**
**Н.Г. ОМАРОВ**




**В связи с приближением Новогодних праздников на объектах с массовым пребыванием людей, в детских дошкольных, образовательных учреждениях, культурно-досуговых центрах и т.д. планируется проведение различного рода праздничные мероприятия. Для того, чтобы эти праздники не были омрачены бедой, необходимо обратить особое внимание на соблюдение требований пожарной безопасности, которые очень просты. Отделение надзорной деятельности и профилактической работы № 14 по Гергебильскому, Гунибскому, Чародинскому, Хунзахскому, Тляратинскому и Шамильскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан.**

Напоминает Вам основные правила пожарной безопасности!

Для руководителей учреждений района

о мерах пожарной безопасности при проведении новогодних праздников с массовым пребыванием людей.

Для обеспечения безопасного проведения Новогодних праздников Вам необходимо помнить о том, что:

1. Праздники следует проводить только в тех помещениях, где иметься не менее двух выходов наружу или через лестничные клетки.

2. В помещениях не должны быть глухие решетки на окнах.

3. Ёлка устанавливается на устойчивом основании с таким расчетом, чтобы ветви не касались стен и потолков.

4. Количество мест в помещениях, предназначенных для проведения новогодних елок, устанавливается из расчета 0,75 кв. м на одного человека. Заполнение помещений людьми сверх установленной нормы не допускается.

5. При использовании электрической осветительной сети без понижающего трансформатора на ёлке могут применяться гирлянды только с последовательным включением лампочек напряжением до 12 вольт, мощность лампочек не должна превышать 25 Вт.

6. Ответственными за проведение массовых мероприятий и соблюдение правил пожарной безопасности при проведении праздников новогодней елки являются руководители школьных, детских, и др. учреждений.

7. Помещения для проведения праздников должны быть обеспечены первичными средствами пожаротушения (огнетушителями, пожарными стендами, кошмой).

8. Во время проведения массовых мероприятий с детьми должны неотлучно находиться дежурный преподаватель, классный руководитель или воспитатель. Эти лица должны быть проинструктированы о мерах пожарной безопасности и правилах эвакуации детей из помещений в случае пожара.

9. Ответственные за проведение праздника елки перед началом должны тщательно осмотреть все помещения, запасные выходы и лично убедиться в полной готовности в пожарном отношении и в обеспечении помещений первичными средствами пожаротушения

**ЗАПРЕЩАЕТСЯ**:

При проведении праздника елки воспрещается: зажигать в помещении разного рода фейерверки, бенгальские огни, стеариновые свечи, пользоваться хлопушками; гасить полностью свет в помещении во время проведения елки; допускать на праздник елки детей и взрослых, одетых в костюмы из ваты, марли и тому подобных легкосгораемых материалов, не пропитанных огнезащитным составом.

Проводить во время праздников огневые, покрасочные и другие пожароопасные работы. Уменьшать ширину проходов между рядами и устанавливать в проходах кресла, стулья и т.д.

При проведении мероприятий нужно уведомить работников пожарной охраны.

В случае возникновения пожара! Первым делом позвоните по телефону «101» или «112» назовите точный адрес, что горит, вашу фамилию, пожарные не оставят Вас в беде. В дни праздников все экстренные службы работают в усиленном режиме.

Счастливого Вам Нового года!

**Дознаватель ОНД и ПР № 14 по Гергебильскому, Гунибскому, Чародинскому, Хунзахскому, Тляратинскому и Шамильскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД майор вн/службы АБДУЛАЕВ А.Ш.**

УТВЕРЖДЕН
на заседании антитеррористической комиссии
в Тляратинском районе
протокол № 5 от 26 декабря 2017 г.

## П Л А Н
### работы антитеррористической комиссии Тляратинского района на 2017 год

В целях реализации единой государственной политике и области предупреждения и ликвидация экстремизма и терроризма на территории Тляратинского района согласованной и целенаправленной деятельности органов местного самоуправления ,учреждений и организаций всех форм собственности по противодействию возможным террористическим и экстремистским проявлениям, эффективного исполнения федерального законодательства, решений Национального антитеррористического комитета, Комплексного плана противодействия идеологии терроризма в Российской Федерации на 2013-2018 годы и рекомендаций Антитеррористической комиссии в Республике Дагестан основные усилия в работе необходимо сосредоточить на:

своевременное выявление и устранение причин и условий, способствующих проявлениям терроризма и экстремизма, посредством

совершенствования координации деятельности администрации Тляратинского района ,федеральных органов исполнительной власти и

органов исполнительной власти Республик Дагестан;

повышение качество проведения информационно- пропагандистских и профилактических мероприятий с населением в сфере

противодействия терроризму и экстремизму;

информационное сопровождение проводимых мероприятий АТК в Тляратинском районе;

реализацию на территории Тляратинского района мер по защите населения, социально значимых объектов и объектов

первоочередной антитеррористической защиты;

## ЗАСЕДАНИЯ АНТИТЕРРОРИСТИЧЕСКОЙ КОМИССИИ В ТЛЯРАТИНСКОМ РАЙОНЕ

| № п/п | вопросы повестки дня заседания АТК | основание | дата исполнение | ответственные |
|---|---|---|---|---|
| | **Заседание № 1 ( февраль)** | | | |
| 1. | О ходе реализации Комплексного плана Республики Дагестан по противодействию идеологии терроризма РФ на 2013-2018 годы в Тляратинском районе | Решение АТК в РД | февраль | Ответ.секретарь АТК - зам. главы адм. МР «Тляратинский район» |
| 2. | О работе АСП « сельсовет Тохотинский» и «сельсовет «Кутлабский» по противодействию идеологии терроризма за 2016 год. | План работы АТК | февраль | Глава АСП «с/совет Тохотинский» и «с/совет Кутлабский» |
| 3. | О мерах по обеспечению правопорядка, антитеррористической защищенности и пожарной безопасности во время празднования Дня защитника отечества и Международным женским днем. | План работы АТК | февраль | ОМВД по Тляратинскому району, ОНД и ПР по Тляратинскому району |
| | **Заседание № 2 (апрель)** | | | |
| 1. | О ходе реализации Комплексного плана Республики Дагестан по противодействию идеологии терроризма РФ на 2013-2018 годы в сфере молодежной политике в Тляратинском районе | Решение АТК в РД | апрель | Комитет по делам молодежи, Комитет ФК и спорта |
| 2. | О работе АСП « сельсовет Кардибский» и «сельсовет Гведышинский» по противодействию идеологии терроризма. | План работы АТК | апрель | Глава АСП «с/совет Кардибский» и «с/совет Гведышинский» |
| 3. | Заслушивание информация директора центральной районной библиотечной системы по противодействию идеологии терроризма | План работы АТК | апрель | Управление культуры |
| 4. | О своевременном принятии предупредительно-профилактических мер по противодействию террористическим угрозам и обеспечению безопасности граждан в период проведения праздника Весны и труда и 72- годовщины Победы в Великой Отечественной войне 1941 – 1945 годов. | Решение АТК в РД | апрель | Ответ.секретарь АТК - зам. главы адм. МР «Тляратинский район», ОМВД РД по Тляратинскому району. |
| | **Заседание № 3 (август )** | | | |
| 1. | О мерах по обеспечению антитеррористической защищенности образовательных учреждений при подготовке к новому учебному году и при проведении праздника Дня знаний. | Решение АТК в РД | август | Аппарат управление образование |
| 2. | О работе АСП « сельсовет Чородинский» и «сельсовет «Хиндахский » по противодействию идеологии терроризма. | | август | Глава АСП «с/совет Чородинский» и «с/совет Хиндахский» |
| 3. | Эффективность работы спортивных учреждений по противодействию идеологии терроризма. | | август | Председатель ФК и спорта |
| | **Заседание № 4 ( декабрь)** | | | |
| 1. | Отчет о работе Антитеррористической комиссии в Тляратинском районе за 2017 год. | | декабрь | Ответ.секретарь АТК - 1 - зам. главы администрации МР «Тляратинский район» |
| 2. | Об утверждении план работы АТК в Тляратинском районе на 2018 год | | декабрь | Абдулхаликов Р.Т. |
| 3. | О работе АСП « сельсовет Хадияльский » и «сельсовет «Хидибский » по противодействию идеологии терроризма | | декабрь | Глава АСП «с/совет Хадияльский » и «с/совет Хидибский» |
| 4 | О мерах по обеспечению правопорядка, антитеррористической защищенности и пожарной безопасности в период подготовки и проведения Новогодних праздников | | декабрь | Курбанов К.Г. Нач. ОМВД по Тляратинскому району |

*спорт*

## СПОРТСМЕНЫ ТЛЯРАТИНСКОГО РАЙОНА, ЗАНЯВШИЕСЯ ПРИЗОВЫЕ МЕСТА
### на чемпионатах РД, России, Европы и мира по олимпийским видам спорта за 2016 год.

**Хизриев Надирбег Халидович** – Чемпион мира по вольной борьбе среди.

**Магомедов Магомедгази Раджабович** – Чемпион России по вольной борьбе среди мужиков.

**Абдулжалилов Абдул Гамзатович** – Победитель Гран-при по дзюдо в Китае.

**Омаров Арсен Магомедтагирович** – 2 место Кубок Европы по дзюдо.

**Магомедов ХайбулаХалилович** – 2 место на Чемпионате России по дзюдо .

**Давудов Вацилав Гаджиясулович** – Победитель Кубка Европы по дзюдо.

**Давудов Наджибула Гаджиясулович** – Чемпион СКФО по дзюдо.

**Магомедомаров Ибрагим Дибирмагомедович** – Чемпион России по греплингу.

**Магомедов Шамиль Абдухаликович** – Чемпион России по дзюдо среди молодежи.

**Ибрагимов Максуд Муртазалиевич** – Чемпион России по дзюдо и победитель Гран-при в Китае.

**Мухтаров Тажудин Далгатович** – 2-е место на Чемпионате России по вольной борьбе среди молодежи.

**Шигабудинов Расул Чупанович** – Чемпион РД по дзюдо.

**Караванов Иман** - Чемпион РД и Чеченской Республики по пауэрлифтингу.

**Омаров Ибрагим Курбанович** – Победитель международного турнира по боевому самбо МСМК.

**Магомедов Саддам Рамазанович** – Победитель международного турнира по боксу им. Умаханова, Чемпион России 2016г.

**Гаджимагомедов Муслим Гамзатович** – Чемпион России 2016г. по боксу.

**Курбанов Шахбан Гамзатович** – Чемпион России по дзюдо среди инвалидов 2016г.

**Кебеков Шахбан Омаргаджиевич** – Чемпион на Всероссийском турнире по греко-римской борьбы.

**Аюбов Рустам Абдулбасирович** – Призер в первенства РД по самбо.

**Магомедов Абдула Абдусаламович** – Призер первенства ЮФО по самбо среди молодежи.

**Председатель комитета**
**по физкультуре и спорту**
**МР « Тляратинский район»**
**РАМАЗАНОВ Д.С.**

## Отчет руководителя Комитета по физкультуре и спорту МР «Тляратинский район» Давуда Рамазанова за 2016год

**В 2016 году совместно с ДЮСШ Тляратинского района по плану проведено 27 соревнований районного масштаба.**

В прошлом году было проведено всего 19 таких мероприятий. Лично я, не считая, тренеров ДЮСШ, выезжал с командой на республиканские соревнования шесть раз в Махачкалу, Избербаш, Чечню и т. д, где наши спортсмены выступили достойно.

Мы провели впервые в районе на высоком уровне чемпионат Дагестана по дзюдо среди школьников, первенство района по теннису, по волейболу, по легкой атлетике, спартакиада по национальным видам, Тляратинская команда приняла участие по сдаче ГТО на первенстве РД на стадионе «Труд», по шахматам среди школьников и взрослых, турниры по вольной борьбе (с.Чадаколоб на призы Заура Нажмудинова, с. Саниорта на призы Хизбула Баширова, по футболу на призы главы республики Рамазана Абдулатипова, турнир среди школьников, посвященный памяти сотрудников полиции, погибших при исполнении служебных обязанностей Ахмедова Заура и Ибрагимова Саидбега. В этом турнире огромную помощь оказали одноклассники этих ребят. А также провели соревнования среди учреждений и организаций по волейболу и футболу. 9 мая 2016года мною были поощрены денежными подарками 18 спортсменов нашего района.

В ноябре глава администрации Раджаб Раджабов и заведующие отделов администрации района встретили наших пятерых спортсменов в аэропорту г. Каспийска и поощрили их денежными подарками, с приглашением в Минспорт РД.

*нилъер тIабигIат*



МагIарухъ хасел

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 30.12.2016
Заказ ____________________